

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE Enfòmasyon ak Fòmilè pou Chanjman Estati Patisipasyon pou Lekò; Piblik Endepandan yo (Charter Schools)

Enfòmasyon sou Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a

Depatman Edikasyon Vil New York (NYC Department of Education, DOE) antre an patenarya avèk òganizasyon san bi likratif la ki se NYC Kids RISE, Inc. nan kad Pwogram Ekonomize pou Inivèsite (Save for College Program) NYC Kids RISE (“Pwogram”) lan. Gras ak pwogram gratis sa a, tout elèv matènèl ki enskri nan yon lekòl piblik NYC, ansanm ak lekòl piblike endepandan (charter school) k ap patisipe yo, otomatikman resevwa yon Kont Bousdetid NYC (NYC Scholarship Account) ki gen yon premye alokasyon \$100 yo depoze nan non yo, sof si paran/gadyen yo “chwazi pa patisipe” nan pwogram nan. Fanmi yo ka resevwa lajan pou bousdetid adisyonèl sou kont sa a kòm rekonpans epi kominote yo ka kontribye lajan adisyonèl bay gwoup Kont Bousdetid NYC sa yo pou demontre kominote yo a ap sipòte siksè tout timoun. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou <http://nyckidsrise.org/>.

Ki opsyon m genyen antanke paran/gadyen?

Sof si paran/gadyen yo deside pa patisipe lè yo “chwazi pa patisipe” pandan peryòd inisyèl non-patisipasyon an, elèv ki elijib yo enskri otomatikman nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a. Sepandan, paran/gadyen ki chwazi pa patisipe yo epi ki vin chanje lide annapre yo e ki vle fè elèv yo ki elijib la patisipe kapab enskri nan yon pwochen dat. Ou ka anile tou patisipasyon pitit ou a nenpòt ki lè nan Pwogram nan apre li fin enskri. Fanmi yo ka tann jiskaske pitit yo fin fè klas senkyèm ane a pou yo kapab enskri/re-enskri.

Enfòmasyon sou Anilasyon

Paran/gadyen yo kapab chwazi anile patisipasyon pitit yo a nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a nenpòt ki lè. Depi w fin soumèt yon Demann pou Anilasyon atravè fòmilè sa a, ou dakò pou NYC Kids RISE (1) fèmen Kont Bousdetid NYC elèv ou a, (2) anile ak retounen bay NYC Kids RISE tout alokasyon lajan ki sou Kont Bousdetid NYC elèv ou a, ansanm ak tout rekonpans ak Bousdetid Kominotè yo ka te alwe sou Kont Bousdetid NYC elèv ou a, (3) efase chak pwofil Savings Tracker (yon pòtay anliy kote paran/gadyen kapab gade Kont Bousdetid NYC pitit yo a) yo te kreye sou non elèv ou a, (4) enfòmè chak adilt nan dosye ki asosye ak elèv ou a sou sipresyon sa a epi (5) estoke done istorik ki gen rapò ak kont elèv ou a ansanm ak anilasyon li konfòmeman ak règleman anilasyon enskripsyon NYC Kids RISE ansanm ak lwa ki aplikab yo. Tanpri note: si w chwazi re-enskri pitit ou a nan yon pwochen dat, alokasyon pitit ou a pandan re-enskripsyon an ap sèlman \$100. Yo p ap enkli okenn lajan adisyonèl yo ka te alwe oparavan.

Enfòmasyon sou Enskripsyon/Re-Enskripsyon

Si paran/gadyen yo te chwazi pa patisipe okòmansman, oswa nan yon moman done, yo te anile patisipasyon elèv yo nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a, yo kapab mande pou enskri (oswa re-enskri) yon elèv ki elijib nan Pwogram nan nenpòt ki lè avan yo fin fè klas senkyèm ane yo a. Si

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE Enfòmasyon ak Fòmilè pou Chanjman Estati Patisipasyon pou Lekò; Piblik Endepandan yo (Charter Schools)

elèv la fin fè klas senkyèm ane a, elèv la ka **pa** kapab antre nan Pwogram nan, resevwa okenn fon pou bousdetid ni li ka pa kapab elijib pou rekonpans alavni yo.

Depi ou fin soumèt yon demann pou enskripsyon (oswa re-enskripsyon) nan Pwogram nan, ou dakò pou DOE pataje enfòmasyon sa yo ak NYC Kids RISE ansanm ak asosye li nan domèn teknoloji ki se VistaShare. Enfòmasyon sa yo obligatwa pou yo kapab kreye Kont Bousdetid NYC pou elèv ki elijib ou a epi Kont Bousdetid NYC elèv ou a p ap (a) kreye jiskaske NYC Kids RISE resevwa enfòmasyon sa yo, e yo p ap (b) alwe premye \$100 jiska pwochen okazyon nan sik finansman regilye NYC Kids RISE la (ki se aktyèlman de fwa chak ane):

- Yon nimewo idantifikasyon inik pou elèv la nan Pwogram lan
- Non konplè
- Dat nesans
- Adrès kay la
- Si adrès kay la chanje
- Nimewo telefòn kay la
- Non lekòl la
- Nivo klas aktyèl la
- Lang yo pale a (yo) nan kay la
- Transfè ki fèt nan lòt lekòl, si sa fèt, andedan ak andeyò sistèm lekòl piblik NYC a

NYC Kids RISE ak VistaShare bezwen enfòmasyon sa yo tou sou adilt yo pou jiska de paran/gadyen pou chak elèv:

- Nimewo idantifikasyon inik pou paran an nan Pwogram lan
- Non konplè
- Adrès imèl
- Nimewo selilè ak/oswa lòt nimewo telefòn

Pou chanje estati patisipasyon elèv ou a nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a, tanpri, ranpli epi soumèt fòmilè ki nan paj 3 a bay biwo prensipal ki nan lekòl elèv ou a.

Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE Enfòmasyon ak Fòmilè pou Chanjman Estati Patisipasyon pou Lekò; Piblik Endepandan yo (Charter Schools)

Fòmilè pou Chanjman Estati Patisipasyon

Antanke paran oswa gadyen yon elèv ki elijib, mwen vle chanje estati patisipasyon li nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la.

Tanpri, koche kazye a pou chanjman ou vle fè a:

- MWEN VLE ENSKRI elèv mwen an nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la. MWEN DAKÒ pou yo pataje enfòmasyon yo ak NYC Kids RISE ansanm ak asosye li nan domèn teknoloji ki se VistaShare. Mwen konprann Kont Bousdetid NYC elèv mwen an p ap disponib imedyatman epi y ap kreye li pandan pwochen sik finansman regilye a ki fèt aktyèlman de fwa pa ane a.
- MWEN VLE ANILE patisipasyon elèv mwen an nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la. Mwen konprann NYC Kids RISE pral re-alwe nenpòt lajan yo te alwe sou Kont Bousdetid NYC elèv mwen an nan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite NYC Kids RISE la nan avantaj lòt elèv k ap patisipe yo, epi y ap fèmen Kont Bousdetid NYC elèv mwen an.

Tanpri, bay enfòmasyon ki vini annapre yo avan w soumèt yo bay biwo prensipal ki nan lekòl elèv ou a.

Non Konplè Elèv la:

Klas Ofisyèl Elèv la:

Non Lekòl la:

Non Paran/Gadyen an Ekri ak Gwo Lèt Detache:

Siyati Paran/Gadyen:

Dat:

NÒT POU BIWO A: Responsab ATS lekòl ou a dwe verifye ak anrejistre nan ATS enfòmasyon sa a ki nan dokiman sa a nan lespas 7 jou apre yo fin resevwa yo (aprepre 1 semèn). Si w ta gen nenpòt kesyon konsènan Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a, tanpri, kontakte Lyezon Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a ki nan lekòl ou a oswa ou kapab rele liy asistans telefonik Pwogram Ekonomize pou Inivèsite a nan (833) 543-7473. Konsève tout Fòmilè yo retounen yo nan Katab Kimilatif elèv la an pèmanans.